

**Van E. Blanton Elementary School**

**Liv Enfòmasyon sou Lekòl Elemantè pou Paran/ Elèv**

**2011-2012**



**LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY**  
**Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florida**

**Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann**  
**Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann**

**Doktè Dorothy Bendross-Mindingall**

**Mesye Carlos Curbelo**

**Mesye Renier Diaz de la Portilla**

**Doktè Wilbert "Tee" Holloway**

**Doktè Martin Karp**

**Doktè Marta Pérez,**

**Madan Raquel A. Regalado**

**Madmwazèl, Hope Wilcox**  
**Konseye Elèv**

**Mesye Alberto M. Carvalho**  
**Sipèentandan Lekòl yo**

**Mesye Freddie Woodson**  
**Depite Sipèentandan**



## TAB MATYÈ

Vizyon/Misyon Distri a  
Deklarasyon Misyon Lekòl la  
Biyografi moun lekòl la pote non li (if applicable)  
Mesaj Direktè/Direktris la  
Enfòmasyon sou Lekòl la  
Paj Entènèt  
Kalandriye Lekòl la  
Kalandriye pou Ekzanm  
Enfòmasyon sou Kontak Ijans  
Aktivite yo  
Rive/Lage Lekòl  
Règ sou Prezans  
Pwogram swen pou avan/apre lekòl  
Konpòtman  
Bisiklèt/Paten  
Pwogram pou manje/manje maten  
Kòd pou Konduit Elèv  
Plan Lekti Konpreyansif  
Enfòmasyon Konfidansyèl  
Kontak enfòmasyon pou ijans  
Plan Fonksyon pou Ijans  
Obligasyon Finansyèl  
Pèmasyon pou Soti nan Salklas yo  
Asirans  
Pèdi ak Rejwenn  
Mesaj ak Itilizasyon Telefòn  
Akademi Paran An  
Asosyasyon Paran-Pwofesè “Parent-Teacher Association (PTA/PTSA)”  
Sant Resous pou paran  
Pòtal Paran (Parent Portal)  
Mennen Bèt Domestik nan Lekòl  
Rapò Pwovizwa sou Pwogrè  
Piblikasyon  
Kaye ki gen travail elèv  
Pwosedir pou Enskripsyon  
Kanè  
Elèv ki malad  
Sèvis Elèv  
Liv Lekòl  
Pwomosyon pou twazyèm ane  
Title I Administrasyon  
Vizitè  
Pwogram Volontè  
Lèt pou Fè Paran Konn Dwa yo  
Grip H1N1”Swine Flu”

## **Lekòl Leta Miami-Dade County**

### **Deklarasyon Vizyon**

*Nou angaje tèt nou pou nou bay edikasyon ekselan pou tout moun.*

### **Van E. Blanton Elementary** “Nap Fè chak Minit Konte”

*Nou ofri pi gwo kalite edikasyon pou tout elèv nou yo kab gen pouvwa pou yo mennen yon lavi ki pwodiktif e ki satisfèzan kòm moun ki ap aprann pou lavi diran e pou yo vin sitwayen ki responsab.*

### **Byografi**

Van E. Blanton te fèt 27 Mas, 1873, e li mouri 21 Jiye 1950. Nan 1926, Msye Blanton te deplase soti nan Madison Konti epi li bwote vini nan Miami. Li te sèvi nan plizye pozisyon edikatifavèk tou, Dade County Manm Komisyon, Manm Lekòl, e Chèmanm Lekòl yo pou plizyè ane. Li te gen sèt pitit. Pi gran pitit li a, Ellis M. Blanton te yon pwofesè nan lekòl leta Miami Dade. Ellis te yon Direktè nan Van E. Blanton, ki genyen non papa l.

## Mesaj Direktè/Direktris la

Chè Paran yo/oswa Gadiyen yo:

La fanmiy Lekòl Van E. Blanton lan trè kontan pou yo wè ou ak pitit w ankò nan ane eskole 2011-2012. Administrasyon e moun ki travail nan lekòl la angage tèt yo pou yo bay edikasyon ekselan ak sèvis pou elèv yo, paran yo, ak kominite a. Se pou rezon sa a Van E. Blanton resevwa nòt 'A' pou kat ane konsekitif. Nou ta renmen kontinye nan chemen akademik ekselan sa a ak gwo ekspektasyon pou tout elèv e fè yon akò pozitif ak paran yon.

Liv enfòmasyon sou lekòl elemantè pou paran ak elèv genyen anpil enfòmasyon ki ap assiste w ak pitit w pase yon bòn ane. Li trè enpòtan pou nou li liv la epi diskite l. N ap voye lòt enfòmasyon pou w pandan ane eskole a. Tanpri, si w pa jwen enfòmasyon nan men pitit w swivan, mande nou.

N ap bezwen sipò w ak angajman w pou pitit w ka eksperyans yon edikasyon ki ap ran li siksè e pwofitab. Se lè nou travail ansanm nou ka trowve kle ki ap pwofite tout elèv. Nan Van E. Blanton, nou toujou di, "Fè Chak Minit Konte", e ak sipò w e assistan w n ap si pitit w ap pwogrè nan lekòl e devlope sosyal.

Ak Anpil Respè,

Tangela D. Goa  
Direktris

## **Enfòmasyon sou Lekòl la**

Van E. Blanton Lekòl Elementè resevwa lajan nan men yon pwogram ki rele "Title I" paske lekòl la nan yon iban anviwoman e yon sosyal ekonomik ki ba, 10327 Northwest 11<sup>th</sup> Avenue, Miami, Florida 33150. Lekòl la genyen de etaj, 26 salklas, avèk yon kafeterya / pati pou tande ansanm. Bilding lan gen 53 an epi li gen fasilite pou trowve entènèt. Sant Medya lan genyen dènye model materyèl odyovizyèl avèk 40 ektasyon òdinatè pou entènèt. Anplis, Lekòl la fek bati kat salklas pou elèv jadenanfan yo.

Van E. Blanton Lekòl Elementè sèvi 568 anvan jadenanfan jiska elèv senkyèm ane ki rete nan katye a. Genyen 65 pousan elèv nan kourikoulòm estanda, senk pousan nan pwogram edikasyon espesyal (SPED), avèk 30 pousan nan elèv yo nan pwogram (LEP) pou moun ki pale yon lòt lang. Katrevendis-sèt pousan nan elèv yo kalifye pou pwogram repa-midi gratis/ pri redui. Apèl elèv yo pa jounen lekòl la se 94 pousan patisipasyon. Rezon pou gran apèl sa a se paske dirèktis la bay anpil ankourajman.

Lekòl la genyen plizyè pwogram espesyal pou tout elèv yo: Gen pwogram pou elèv ki bezwen yon edikasyon espesyal ak yon model inklusyon; Pwogram angle pou elèv ki pale yon lòt lang; Panyòl S pou elèv ki pale panyòl; Panyòl SL pou elèv ki ta renmen apran panyòl kòm yon dezyèm lang; Curriculum Content in Home Language (CCHL) – se yon pwogram ki bay enskripsyon nan lang manman elèv la an kreole oswa panyòl; Pwogram pou elèv ki gen talan; Ak yon pwogram Akademik Ekselans ki montre elèv yo aprann jwe echèk e fè jounalis. Rezon nou fè tout lòt pwogram sa yo se pou nou anrichi edikasyon elèv yo. Anplis, nou ofri leson apa / gwoup piti pou elèv ki bezwen plis èd nan materyèl yo te aprann nan klas yo. Gen lòt elèv ki bezwen chanjman nan konpòtman yo. Lekòl la genyen manm ki aktif e bay lekòl la sipò, moun sa yo se travayè sosyal la, sikoloj lekòl la, konseye a, pwofesè yo ak administratè yo.

Gwoup etnik ki fè lekòl la genyen yon popilasyon 79 pousan nwa-ki pa panyòl, yon pousan blan-ki pa panyòl ak 20 pousan panyòl. Lekòl la sanble popilasyon katye a- 79 pousan nwa ki pa-panyòl, yon pousan blan ki pa-panyòl, e ven pousan panyòl. Gwoup etnik ki fè anplwaye lekòl la se 57 pousan nwa ki pa-panyòl, 24 pousan blan ki pa-panyòl avèk 19 pousan panyòl.

## **Paj Entènèt**

<http://vblanton.dadeschools.net>

## **Enfòmasyon Jeneral pou Paran**

### **AKSIDAN/KONTAK IJANS**

Si pitit w frappe nan lekòl la, n ap fè tout sa nou kapab pou li rete konfòtab. N ap rele l touswit, e si nou pa ka jwen w, n ap kontakte moun ki nan kat ijans lan. Se pou sa, li trè enpòtan pou kenbe tout enfòmasyon sou kat sa a okouran.

### **AKTIVITE YO**

#### **PWOMNAD AK AKTIVITE ESPESYAL YO**

Pou yon elèv patisipe nan pwomnad yo mande pou elèv yo prezante pwofesè (yo) yon fòm pwomnad espesyal paran/gadyen an siyen alavans. Anplis, gen de lò vandè ki gen règ “pa-ranbousab” ap mande lekòl yo pou peye tout lajan pwomnad la anvan evènman an. Nan ka sa a, yo ap notifiye elèv/paran yo alavans sou règ “pa-ranbousab” vandè a.

### **FÈT NAN LEKÒL LA**

Yo pa pèmèt fèt pou anivèsè nesans. Epi, elèv yo dwe travay pou yo jwenn dwa pou patisipe nan aktivite espesyal oubyen pou yo resevwa kado lò yo konpòte yo byen lekòl.

### **RIVE/LAGE LEKÒL**

**Lè Lekòl yo:** Lekòl kòmanse chak jou a 8:20 a. m pou elèv nan klas Pre-k, k, e 1 ane. Elèv kin an klas 2-5 ap kòmanse a 8:35a. m. chak jou. **Paske pa gen moun nan lekòl la anvan 7:30 di maten, tanpri pa lage elèv yo anvan lè sa a.** Elèv ki nan Pre-k, jadenanfan ak premye ane lekòl ap lage a 1:50 p.m. Elèv ki nan dezyèm ane rive nan senkyèm ane ap lage a 3:05 p.m. chak jou eksepte mekredi lè tout klas yo ap lage a 1:50 p.m.

### **SI PITIT W LAGE A 1:50 P.M., TANPRI FÈ OKAZYON POU ALE LAKAY LI A LÈ SA A.**

Yo pa ka rete tann gran frè oswa yon gran sè. A lè sa yo pwofesè primè yo ap planifye.

Nou fè anons sou **WVEB** le maten a 8:35 a.m. nan sant medya sou televizyon an. Si elèv nan klas Pre k, K, e 1 vini apre 8:20 di maten, n ap make l anreta. Si yon elèv nan klas 2-5 vini lekòl apre 8:35 a.m. n ap make l anreta.

**Tout elèv ki vini lekòl anreta sipoze ale nan ofis la pou yo pran yo pass anvan yo ale nan klas yo.**

### **RIVE LEKÒL ANRETA**

Elèv ki anreta lekòl dwe prezante nan biwo Prezans la pou yo kab jwenn yon lesepase. Twòp reta kab lakoz yo pèdi privilèj, kenbe apre klas, konferans paran, e/oubyen sispansyon. Yo ka konpile reta yo e konte yo kòm absans ki pa eskize.

### **LAGE LEKÒL BONÈ - Regleman Komisyon Konsèy 6Gx13- 5A-1.041**

Lage elèv bonè deranje pèfòmans akademik tout elèv yo e li kab kreye pwoblèm sekirite. Yo pap lage okenn elèv pandan dènye 30 minit jounen lekòl la amwenske direktè a oubyen moun li deziyen an otorize sa (egzanp, ijans, maladi). **Pa gen elèv ki ka lage vè lè 1:20-1:50 p.m. e 2:35-3:05 p.m.**

### **LAGE LEKÒL LÈ GEN LAPLI**

Tanpri fè aranjman pou pitit w pou jou ki gen lapli lè lekòl lage pou yo konnen

egzakteman sa yo dwe fè jou sa yo. Jou lapli ap tonbe anpil, pwofesè yo ap kenbe elèv ki pa gen transpotasyon nan klas la. Timoun ki itilize otobus pou yo ale lakay yo ap lage nan menm lè lekòl lage. Nou pa ka kite elèv itilize telefòn yo sòf yon ijans.

### **APÈL (Konsidere Règleman 6Gx13 5A-1.0401)**

Patisipasyon nan lekòl la ap ede pitit w fè pwogrè. Men, nou pa vle yon timoun malad vini lekòl. Elèv yo bezwen vini ak yon nòt pou **chak absan e anreta**. Nòt sa a sipoze endike dat la, kalite malad la oswa rezon li te anreta. Si pitit w absan pou plis ke de jou, tanpri rele lekòl la epi enfòmè sekretè ki fè apèl la pou ki rezon pitit w te absan.

### **Komite pou Revize Prezans**

Komite pou Revize Prezans la gen pou pi piti ladan yon reprezantan sèvis elèv yo ak yon administratè oubyen yon moun administrasyon an deziyen e ki ap bay elèv ki gen anpil absans gidans ak sipò. Yo ap atann pou yo:

1. Entèveni bonè atravè rankont yo fè lè elèv yo rive sou senk (5) absans san eskiz nan yon semès oubyen dis (10) absans san eskiz pandan yon ane.
2. Rankontre omwen sis (6) fwa pa an nan lè yo deziyen.
3. Konsidere tout sikonstans nan anviwonman elèv la ki kab diminye absans li yo. Komite pou Revize Prezans la gen responsablite pou l bay aktivite ki fèt pou ratrape tan enstriksyon ki te pèdi a e li gen otorite pou l rekòmande sa k ap suiv yo:
  - a. Bay nòt trimès, semès oubyen final.
  - b. Kenbe nòt pou trimès, semès oubyen final yo tanporèman. Sa k ap suiv yo se chwa elèv la genyen:
    - (1) Refè devwa ki te manke yo
    - (2) Pwobasyon sou prezans pou peryòd nòt k ap suiv la (yo)
    - (3) Fè yon pwojè sèvis lekòl
  - c. Kenbe nòt pou trimès, semès oubyen nòt final ak kredi yo nèt. Yo gen pou enfòmè elèv la sou dwa li genyen pou l fè yon apèl final kote sipèntandan rejyonal la oubyen moun yo deziyen an.
4. Revize istwa prezans elèv ki abitye gen absans ki eskize e/oubyen ki pa eskize e ba yo referal apwopriye ak sipò pou yo jwenn konsèy.

### **Absans ak Reta nan Lekòl ak nan Klas Ki Eskize**

1. Elèv ki malad: Elèv ki manke 5 oubyen plis jou konsekitif lekòl paske yo malad oubyen yo aksidante genyen pou yo prezante yon papye doktè. Papye doktè a dwe genyen tout jou elèv la te absan lekòl. Si yon elèv kontinye malad e li absan lekòl paske li gen yon kondisyon medikal espesifik, li dwe sou sipèvizyon yon doktè pou li kab resevwa absans ki eskize lekòl.
2. Randevou medikal: Si yon elèv absan lekòl poutèt yon randevou medikal li nesè pou li prezante yon papye doktè bay direktè a ki montre dat ak lè randevou a.
3. Lamò nan fanmi an
4. Obsèvans yon fèt oubyen sèvis relijye si yo egzije pou tout manm nan relijyon sa a obsève fèt la oubyen sèvis sa a.
5. Yon evènman lekòl la ap fè oubyen yon aktivite edikasyonèl anrichisan ki pa soti nan lekòl la si direktè a oubyen moun li deziyen an apwouve li: Elèv la dwe jwenn pèmisyon alavans nan men direktè a oubyen moun direktè a deziyen an. Egzanp evènman ki espesyal se: fonksyon piblik, konferans, ak konpetisyon rejyonal, eta ak nasyonal.
6. Yon manda pou konparèt nan tribinal yon ajans ransfòsman lalwa bay oubyen yon manda pou konparèt nan tribinal.
7. Sispanasyon deyò
8. Lòt absans elèv endividyèl la kote paran/gadyen oubyen elèv la pa gen okenn kontwòl sou li, jan direktè a oubyen moun direktè a deziyen an detèmine li. Direktè a ap mande dokimantasyon ki an rapò ak kondisyon an.

### **Absans Lekòl ki Pa Eskize**

Nenpòt absans ki pa tonbe anba youn nan kategori absans ki eskize anwo a, yo ap konsidere l pa eskize. Nenpòt elèv ki absan lekòl ap make pa eskize jiskaske li prezante dokimantasyon jan yo mande li anwo a. Si yo pa soumèt



dokimantasyon yo mande a nan espas twa jou elèv la retounen lekòl, ap lakoz absans la pa eskize. Absans ki pa eskize enkli:

1. Absans poutèt vakans, sèvis pèsònèl, evènman lokal lekòl ki pa nan pwogram oubyen aktivite espòtif
2. Absans poutèt pi gran elèv ap gade ti sè oubyen ti frè
3. Absans poutèt maladi lòt moun
4. Absans poutèt elèv la pa an règ ak demann pou vaksen (amwenske se pa yon demann legal)

### **PWOGRAM SWEN ANVAN/APRE LEKÒL**

Lekòl la genyen yo pwogram swen anvan e apran lekòl mache nan kafeterya lekòl la. Family Christian Association of America se yo ki kouwòdone pwogram sa a. Telefòn yo se (305) 836-7331. Yo opere 1:50- 6:00 p.m. chak jou.

### **KONPÒTMAN**

Tout elèv nou yo sipoze respekte tèt yo, lòt elèv, pwofesè yo ak tout granmoun. Nou ankouraje tout anplwaye nou yo pou yo ranfòse ansèyman pozitif pou konpòtman ki bon. Kanè nou twouve nan mitan peryòd yo enfòmè paran si konpòtman pitit li bezwen korije oswa si li satisfè. Me kijan nou vle konpòtman elèv:

Nou, elèv nan Lekòl Van E. Blanton Elementè, fyè pou lekòl nou e nou vle:

- Opòtinite pou aprann
- Yon lekòl kòfrefò e bèl
- Jwi travail ak pwofesè yo e lòt elèv yo
- Devlope bon abitud ak atitud ki ap ede nou tounen sitwayen responsab demen

Nou alatant tout elèv nou yo respèkte ak swiv kòd sou konduit elèv, ki te devlope pa Miami-Dade Kouty Lekòl Leta.

### **NAN VAN E. BLATON LEKÒL ELEMANTÈ NOU ALATANT POU**

- Vini lekòl chak jou amweske nou malad;
- Vini ak yon nòt lè nou absan;
- Vini lekòl a lè;
- Kenbe liv nou ak materyèl nou nan bon kondisyon;
- Konplè devwa nou atanfif e pwòp;
- Vini lekòl byen pwòp, e abiye ak inifòm
- Bay pwofesè, lòt granmoun, e lòt elèv respè;
- Kanbe sal klas yo, twalèt yo, ak lakou a pwòp;
- Bay paran nou notis lekòl la voye ale lakay nou;
- Obeyi patwouy lekòl yo;
- Mache an silans nan koulwa lekòl la;
- Fè pwofesè yo konnen lè w bezwen èd.

### **MEN SA KI PAP AKSEPTÈ NAN LEKÒL LA:**

- Goumen;
- Nenpòt bagay ki ka sèvi kòm yon zam;
- Betiz oswa langaj ki menase oswa dekite;
- Sibstans ki pa bon pou sante w;
- Chiklèt;
- Arasman.

### **Bisiklèt/Paten**

Elèv ki vini lekòl sou bisiklèt sipoze mache ak li depi li antre nan lakou lekòl la.

Lekòl la genyen yon plas pou yo klete bisiklèt yo. Elèv yo pa ka vini ak paten nan lekòl la.

## **Pwogram dejene/repa- midi**

Kafeteria a nou patisipe nan pwogram Lekòl Leta Miami-Dade County. Nou sèvi pi bon manje nou ka sèvi elèv yo. Chak elèv **sipose manje**. Ane sa a paran yo ap ranpli yon sel fòm aplikasyon pou manje pou yon fanmi.

Elèv yo gen twa chwa pou yo manje:

1. Dejene sèvi nan kafeteria a 7:30 a.m.-8:15 a.m. chak jou. Gratis pou tout elèv.
2. Elèv yo ka achte mante manje pou \$2.25.
3. Elèv ka vini ak manje pa yo epi achte yon lèt pou \$.60 oswa ji zoranj pou \$.30.

## **Kafeterya**

### **Pri Manje**

Dejene	Repa Midi	
Tout Elèv Gratis	Elèv	\$2.25
Adilt \$2.00	Pri Redui, Elèv	\$0.40
	Adilt	\$3.00

### **Dejene Gratis**

Pwogram Nasyonal Dejene Lekòl la te pase yon lwa pou asire yo sèvi tout timoun lekòl manje nourisan chak jou. **Lekòl Leta Miami-Dade County ofri dejene gratis pou tout elèv M-DCPS yo.** Dejene gratis la pa depann sou kalifikasyon elèv la pou repa-midi gratis/pri redui.

## **Pwogram Repa-Midi Gratis/Pri Redui**

Lekòl Leta Miami-Dade County administre Pwogram Nasyonal Repa-Midi ak Dejene Lekòl pou tout timoun ki pa kab peye pri regilye manje gratis ak nan pri redui. Yo dwe ranpli aplikasyon yo chak ane; yo voye fòm yo nan tout kay avèk yon lèt pou paran oubyen gadyen yo nan premye semèn lekòl la. Benefis pou manje yo kòmanse jou aplikasyon an apwouve e yo kontinye pandan tout ane lekòl aplikasyon an apwouve a, ann ete, e apwoksimativan **pandan premye ven (20) jou pwochen ane lekòl la.**

## **“PAYPAMS”**

- o Depatman Manje ak Nitrisyon Lekòl Leta Miami-Dade County fasilite paran/gadyen pou yo peye sou Entènèt oubyen pa telefòn pou manje pitit yo avèk yon kat kredi oubyen yon kat kont labank (debit card).  
Paran/gadyen yo ap kreye yon kont sou Entènèt pou timoun nan e yo ap kab gen aksè a sa k ap suiv yo:
- a. gade balans kont la
- b. pwograme peman otomatik.
- c. resevwa rapèl pa lèt elektwonik sou balans ki ba
- d. gade yon rapò chak jou sou depans ak sa yo achte nan kafeterya

## **Regleman Kafeterya yo**

- λ Fè yon sèl liy
- λ Toujou koutwa ak travayè kafeterya yo
- λ Toujou itilize bon manyè atab
- λ Jete fatra yon fason apwopriye
- λ Chita korekteman sou ban kafeterya

## **Kòd sou Konduit Elèv**

Lekòl Leta Miami-Dade County pran angajman pou ofri yon anbyans lekòl ki ansekirite pou enstriksyon e aprann pou elèv, anplwaye, e manm nan kominote a. 16 janvye 2008 Komisyon Konsèy Lekòl la apwouve e revize yon

nouvo “Code of Student Conduct (COSC)” (Kòd Konduit pou Elèv). “COSC” revize a idantifye, rekonèt e ofri prim bay elèv modèl ki gen bon konduit jan sa endike nan règleman yo etabli e eranfòse klèman . Li se yon defansè yon apwòch pou pwomote e kenbe yon anbyans pou aprann ansekirite e mande patisipasyon aktif nan men elèv, paran/gadyen, e anplwaye lekòl yo. Elèv ak paran/gadyen yo kab jwenn aksè vèsyon dokiman sa a ann Anglè oubyen Espayòl sou paj Entènèt M-DCPS la ki lokalize nan <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/indes.htm> klike sou “Parent Portal” (Pòtal Paran) e suiv oubyen ou kab mande yon kopi nan lekòl pitit ou a.

Anplisdesa, M-DCPS fyè pou li lanse “SPOTsuccess” (Jwenn Sikse) yon inisyativ ki amelyore <sup>3</sup>COSC<sup>2</sup>. Li sipòte valè sivik, moral e etik, ankouraje yon anbyans pozitif lekòl, e pèmèt tout anplwaye lekòl pou rekonèt e bay elèv yo prim pou konduit modèl egzanplè yo. Paran/gadyen kab tcheke pou wè si yo rekonèt pitit yo atravè sistèm “SPOT success” (pou wè sikse li ap fè) nan kreye yon Kont Paran. Pou enstriksyon, konekte sou paj Entènèt <http://www2dadeschools.net/parents/parents.htm>, klike sou <sup>3</sup>Parent Portal<sup>2</sup> (Pòtal Paran) e suiv direksyon yo sou ekran an. Si ou bezwen plis asistans, ou kab kontakte lekòl pitit ou (yo).

### **Dwa ak Responsablite Elèv**

Dwa ak responsablite yo prezante nan Kòd Konduit Elèv la reflète nesite pou bay elèv pi gwo opòtinite pou sèvi tèt yo ak sosyete a, e pou pèmèt elèv yo gen maksimòm libète anba lalwa, ki apwopriye ak responsablite lekòl la pou sante, sekirite, ak byennèt elèv yo.

### **Kòd pou Abiman – Regleman Komisyon Konsèy 6Gx13- 5C-1.031**

Yo atann pou elèv yo vin lekòl pwòp, byen penyen ak byen abiye. Elèv rad yo oubyen fason yo prezante distri atansyon lòt elèv oubyen pwofesè yo de travay lekòl, yo ap mande pou yo ranje rad yo yon fason prezantab anvan yo antre nan salklas la oubyen direktè a ap voye yo lakay pou yo prepare tèt yo konvnableman pou yo vin lekòl. Elèv ki pa satisfè minimòm estanda akseptab pwòpte direktè a mande e yo espesifye nan regleman sa a ap kandida pou yo pran mezi disiplinè kont li.

### **Règ sou Inifòm**

Van E. Blanton se yon lekòl elèv yo oblije abiye a inifòm.

### **Telefòn Selilè**

Posesyon yon telefòn selilè se pa yon vyolasyon Kòd Konduit Elèv “Code of Student Conduct (CSC).” Sepandan, posesyon yon telefòn selilè ki deranje pwosesis edikasyonèl la; sèvi ak telefòn selilè a pandan lè lekòl; e posesyon oubyen itilizasyon telefòn selilè a ki deranje oubyen entèfere ak zafè sekirite lavi elèv yo ap transpòte nan otobis lekòl M-DCPS, ka yon vyolasyon CSC a.

### **Plan Lekti Konpreyansif**

Yo mande pou elèv lekòl elemantè li omwen senk liv oubyen ekivalans yo pandan peryòd nèt-nèf-semèn nan, ki enkli lekti endepandan nan klas e lekti lakay. Elèv yo dwe li pou 30 minit lakay tou kòm pati nan devwa yo ba yo chak jou. Yo dwe pran an konsiderasyon espès liv la ak konpleksite kontni an lè yo ap satisfè demann sa a.

### **Enfòmasyon Konfidansyèl**

Akò sou Dwa ak Vi Prive Fanmi Edikasyonèl la ak Lwa Florid yo pwoteje paran, gadyen ak elèv pou moun pa jwenn enfòmasyon nan dosye edikasyonèl elèv yo, e li ba yo dwa pou yo verifiye egzaktid dosye sa yo. Lwa sa yo fè konnen san konsantman davans paran, gadyen oubyen elèv ki elijib la, yo pa gen dwa bay dosye yon elèv, eksepte sa ki annakò avèk

pwovizyon yo mete nan lwa yo nonmen anwo yo. Lalwa bay kèk eksepsyon pou demann konsantman davans pou yo bay dosye elèv yo, ki enkli, men ki pa limite ak, ofisyèl lekòl yo ki gen yon enterè edikasyonèl valab e lòd legal ki sot nan tribinal pou konparèt devan tribinal.

Chak lekòl dwe bay paran yo, gadyen yo oubyen elèv ki elijib yo yon avi anyèl alekri sou dwa yo genyen pou enspekte ak revize dosye elèv yo. Yon fwa elèv la rive sou 18 an oubyen li ale nan yon enstitisyon edikasyon apre lekòl segondè, se elèv la sèlman ki bezwen bay konsantman li, amwenske elèv la kalifye kòm yon depandan anba lalwa.

## **Enfòmasyon sou Kontak Ijans**

Yo distribye Kat Enfòmasyon Elèv/Kontak Ijans pandan premye semèn lekòl la. Yo mande pou elèv yo pote kat la lakay yo bay paran oubyen gadyen yo. Yo dwe ranpli kat yo avèk atansyon e retounen yo lekòl la. Enfòmasyon ki sou Kat Enfòmasyon Elèv/Kontak Ijans la ap ede anplwaye lekòl yo kontakte paran/gadyen yo imedyatman anka gen yon ijans. Se sèlman moun ki sou kat kontak ijans yo ki kab vin chèche elèv yo apre yo fin montre kat idantite ak foto sou li. Okenn lòt moun eksepte anplwaye lekòl la, ap gen aksè a enfòmasyon yo bay la.

## **Plan Fonksyon pou Ijans**

Sekirite elèv ak anplwaye se sousi prensipal nou nan Sistèm Lekòl Leta Miami-Dade County. Yo te kreye “Emergency Operations Plan (EOP)” (Plan Fonksyon pou Ijans) pou ofri anplwaye lekòl ladrè dirijan nesèsè ak konesans yo te bezwen pou reponn ak ensidan kritik oubyen lòt ijans ki relate ki kab pase nan lekòl/kominote nou yo. Tout lekòl genyen plan yon andwa espesifik pou yo adrese tout kalite ensidan kritik. Plan sa yo adrese bezwen endividyèl lekòl la, e ofri gidans pou pataje metòd kominikasyon ak anplwaye, elèv, paran/gadyen, e medya a pandan yon ensidan oubyen ijans kritik. Kèk nan pwosedi pou aksyon pwotektif genyen ladan evakwye elèv ak anplwaye nan bilding (yo). Evakwye moun ki andikape e si sa nesèsè relocalize elèv/anplwaye ki soti sou kanpous la, pwosedi fèmti “lockdown” e kenbe/lage elèv pandan ijans lekòl e kominote yo. Kèk konsèy enpòtan pou paran/gadyen sonje pandan yon ensidan kritik:

## **Obligasyon Finansyèl**

Yo dwe peye nan biwo trezorye lekòl la tout obligasyon finansyèl, tankou frè lekòl yo, liv ki pèdi oubyen andomaje, liv bibliyotèk ki pase dat limit la oubyen ki pèdi.

## **Pèmasyon pou Soti nan Salklas yo**

Elèv yo dwe deja chita nan salklas yo lè klòch reta a sonnen. Paske gen yon kantite elèv ki ap deplase nan yon tan ki limite, se responsablite chak moun pou yo deplase vit e annòd pandan yo ap fè efò pou yo kontwole trafik la. Silvouplè pa pouse, kouri oubyen flannen nan koulwa yo. Silvouplè kolabore ak moun ki ap siviye koulwa yo pandan yo ap fè travay yo e prezante yo pèmasyon pou soti nan salklas yo avèk koutwazi lè yo mande yo.

Okenn elèv pa gen dwa soti nan salklas yo san yo pa gen pèmasyon ofisyèl yo rele “Yellow Pass” (Pas Jon). Pwofesè pa dwe bay yon elèv pèmasyon vèbal pou soti nan salklas la.

## **Asirans**

Plan Pwoteksyon Elèv la fèt pou kouvri elèv oubyen domaj pandan yo prale oubyen yo ap soti lekòl oubyen lè yo aksidante pandan yo nan yon aktivite ki sipèvize nan lekòl la. Patisipasyon nan pwogram sa a volontè. Lekòl la ap voye bay paran yo fòm aplikasyon enskripsyon pou ane 2010-2011 la ak lòt enfòmasyon an plis yo ta bezwen.

## **Pèdi ak Rejwenn**

Tout elèv padre lalwa kouty a sipoze jwen liv pou tout klas li. Men, si pitit w pèdi oswa vòlè vòlè liv yo, se responsab w pou peye pou yo. Pri liv yo koresponn ak kondisyon yo. Van E. Blanton Elemantè genyen yon depatman pou bagay ki pèdi ak rejwenn. Bagay ki rejwenn nan lekòl la nòmalman retounen nan depatman sa a. Si w pèdi, manke oswa deplase yon bagay, tanpri rele depatman pèdi ak rejwenn nan ofis la oswa kontakte Madam Johnson.

## **Mesaj ak Itilizasyon Telefòn**

Se sèl telefòn nan ofis la ki sipoze itilize pandan jounen lekòl la. Paske telefòn mobil ka yon distraksyon nan salklas la. Pou ka itilize telefòn mobil, se pou jwen pèmasyon nan men Dirèktris la, Assistan Dirèktris la oswa pwofesè a.

## **Akademi Paran An**

Akademi Paran An se yon pwogram gratis Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) mete pou tout ane a, pou ede paran yo pran angajman yo ak pou prepare tèt yo. Objektif yo se pou edike paran yo sou enpòtans wòl yo; ranfòse lyen fanmi yo ak lekòl yo; ak enfòmasyon paran yo sou dwa yo, responsablite yo ak opòtinite edikasyonèl ki disponib pou pitit yo ak pou yo pèsònèlman.

Anplis, Akademi Paran An ofri klas ak atelye pou paran/gadyen; li òganize Evènman pou Fanmi Aprann; li kowòdine resous ki disponib nan M-DCPS ak kominote a pou paran/gadyen e elèv yo; e li ofri devlopman pwofesyonèl pou anplwaye lekòl yo sou fason pou kreye lekòl ki familye ak paran yo.

### **Asosyasyon Paran-Pwofesè “Parent-Teacher Association (PTA/PTSA)”**

Asosyasyon Paran-Pwofesè Lekòl Van E. Blanton Elementary School travay ak PTA eta a e PTA nasyonal la pou sipòte ak pale nan lekòl yo, nan kominote a ak devan asanble leta yo ak lòt òganizasyon ki pran desizyon ki afekte ti jèn yo. PTA/PTSA sipòte pwofesè yo ak administrasyon an nan efò yo ap fè pou amelyore aktivite edikasyonèl ak andeyò lekòl yo. Yo ankouraje elèv pou vin angaje yo nan PTA/PTSA a. L ap koute yon fanmi \$5.00 selman pou PTA nan Eta Florida la ak Chapit lokal la.

### **Sant Resous pou Paran**

Sant Resous pou Paran nan Lekòl yo/Kote yo Resevwa Paran nan Lekòl yo nan klas relokasyon -1. Sant sa a bay paran e moun nan kominite enfòmasyon e resous. Li ofri klas sou santé, ladres pou paran vin bi bon paran, enfòmasyon pou ede pitit yo fè devwa, etc. Sant resous pou paran la ouvri 8:15-3:20 p.m. chak jou. Nimewo telefòn la se (305) 696-9241 ext. 146 epi moun ki dirije sant lan se Ms. Connie Johnson.

### **PÒTAL POU PARAN (Parent Portal)**

Paran/Gadyen tout elèv Lekòl Leta Miami-Dade County yo, enkli anplwaye yo, gen aksè a Pòtal Paran an. Pou kab jwenn aksè a enfòmasyon ki nan pòtal la, ou dwe premyèman etabli yon kont pou paran itilize (parent user account). Lè sa a ou kab gade e mete enfòmasyon pèsònèl ou ajou, ou kab gade enfòmasyon sou pitit ou - ki enkli nòt, prezans, ak enfòmasyon sou wout bis, e jwenn aksè sou “*Parent Resource Link*,” lyen pou resous paran, ki mennen ou nan paj tankou “Parent Academy” (Akademi Paran), “Schools of Choice” (Chwa Lekòl), eks.

### **MENNEN BÈT DOMESTIK nan LEKÒL**

Elèv pa gen dwa mennen bèt domestik nan lekòl.

### **RAPÒ PWOVIZWA SOU PWOGRÈ**

Yo dwe voye rapò pwovizwa sou pwogrè lakay nenpòt lè elèv la ap pèfòme yon fason ki pa satisfèzan nan akademi, konduit, oubyen efò, e yo bay tout elèv yo li nan mitan peryòd nòt yo. Dat n ap bay rapò pwovizwa sou pwogrè se: 22 Septanm 2011; 8 Desanm 2011; 23 Fevrye 2012; e 3 Me 2012.

### **PIBLIKASYON**

Nan efò pou nou kominike ak tout kliyan, Van E. Blanton Elemantè sikile e distribye anpil piblikasyon: bilten nouvèl enfòmasyon chak mwa, liv enfòmasyon sou lekòl elemantè pou paran ak elèv chak ane (nan twa lang), bilten sou lekòl la chak ane (nan twa lang), ak lèt pou paran e feyè piblisite (tout tan). Avèk tout piblikasyon sa yo, aktivite yo, fonksyon lekòl la e operasyon lekòl la, tout kliyan nou yo rete okouran de sa ki ap pase nan lekòl la.

### **Dosye Pèmanan (pou enfòmasyon ou – li soti nan Manyèl Dosye Edikasyonèl Elèv la)**

Lekòl Leta Miami-Dade County kenbe dosye elèv yo apatide klas matènèl rive nan 12yèm ane eskolè ak elèv adilt/vokasyonèl ki anwole nan pwogram pou fini lekòl segondè oubyen pwogram vokasyonèl pou 450 èdtan oubyen plis. Dosye pèmanan yo gen ladan yo enfòmasyon ki ap suiv yo sou elèv:

- a) non legal konplè elèv la
- b) vrè dat li fèt, kote li fèt, ras li, ak sèks li
- c) dènye adrès elèv la oubyen etidyan an ke li konnen
- d) non paran (yo) oubyen gadyen (yo) etidyan oubyen elèv la
- e) non ak lokasyon dènye lekòl li te ale
- f) kantite jou li te prezan oubyen absan, dat li te enskri, dat li te soti lekòl

## PWOSEDI POU ENSKRIPSYON

Elèv ki ap enskri nan Lekòl Leta Miami-Dade Kounty pou premye fwa sipose montre dokiman sa yo.

- o Batistè original oswa kat nesans
- o Afidavi laj timoun lan ak siyati paran an, Sètifika Laj timoun lan ak siyati ofisye sant piblik la
- o Sètifikasyon vaksen ak ekzamin fizik nan doktè prive oswa klinik
- o De bòdwo ki montre non w ak adrès ou twouve sèvis sa a
- o Montre dosye jou ap enskri elèv la
- o Paran oswa gadyen legal la sipoze vini ak dosye lòt lekòl elèv la te ye e verifikasyon nòt ki replase ak verifikasyon kredi li genyen

## KANÈ

Chak nèf semenn elèv yo resevoi yon kanè ki montre ki jan y ap pwogrese. Elèv nan klas premye ane juska senkyèm ane resevwa yon nòt “A”-“F” epi yon nòt “C” se moyen. Nòt yo se pou akademik, efò e konpòtman.

## ANVAN YON ELÈV KA PWOMOTE POU LI ALE NAN YON KLAS PI WO, ELÈV SA SIPOSE PASE TOUT BAZ BASIK YO NAN KLAS LI YE A.

### Men dat n ap distribute kanè yo:

Premye Kanè	18 Novanm 2011
Dezyèm Kanè	8 Fevrye 2012
Twazyèm Kanè	19 Avril 2012
Katryèm Kanè	27 Jen 2012

N ap voye katryèm kanè bay elèv ki bay yon anvlòp ak tèm a la fin katryèm trimes la. Si w t ap bay pwofesè w yon anvlòp w ka vin chache l 29 Jen 2011.

NÒT POU KLAS JADENDANFAN	VALÈ NIMERIK	ENTÈPRETASYON VÈBAL	VALÈ PWEN NÒT LA
E	90-100%	Pwogrè ekselan	4
G	80-89%	Pwogrè pi wo mwayèn	3
S	70-79%	Pwogrè mwayèn	2
M	60-69%	Pi piti pwogrè akseptab	1
U	0-59%	Pa pase	0

NÒT POU KLAS JADENDANFAN-12YÈM ANE ESKOLÈ	VALÈ NIMERIK	ENTÈPRETASYON VÈBAL	VALÈ PWEN NÒT LA
A	90-100%	Pwogrè ekselan	4
B	80-89%	Pwogrè pi wo mwayèn	3
C	70-79%	Pwogrè mwayèn	2
D	60-69%	Pi piti pwogrè akseptab	1
F	0-59%	Pa pase	0
I	0	Enkonplè	0

### Mwayèn Jeneral

Lè yo ap kalkile nòt pou yon semès oubyen yon kou anyèl, yo sèvi ak mwayèn jeneral k ap suiv yo:

- A = 3.50 e pi wo
- B = 2.50 – 3.49
- C = 1.50 – 2.49
- D = 1.00 – 1.49

### **Elèv ki Malad**

Elèv ki malad sipose rete lakay yo. Si pitit w ta malad pandan li lekòl, n ap kontakte w touswit. Si nou pa ka jwen w, n ap kontakte moun ki nan kat ijans lan.

### **Sèvis Elèv**

#### **Konseye/Sèvis Elèv**

Lekòl gen yon konseye okouran avèk Depatman Sèvis pou Eèv sipòtè pwogram ki rele an Anglè “Brilliant Bulldog Award”, Edikasyon Karaktè, yon Plan Disiplin pou tout Lekòl la, “Do-the-Right Thing” e “Conflict Resolution . Pwogram sa yo egziste pou yo diminye move konpòtman nan elèv yo, promote onè, intègreti e ede timoun yo mache dwat.

#### **Sikològ Lekòl**

Lekòl la genyen yon sikològ ki sèvi elèv yo souvan. Sikològ la se yon manm nan Ekip Etid Timoun (CST), li administer evalyasyon, fè obsèvasyon e ranpli tout fòm ki nesèsè pou plase elèv yo nan klas yo sipoze ye.

#### **Travayè Sosyal Lekòl**

Lekòl la twove visitasyon nan men yon travayè sosyal souvan. Pwofèsyonnal sa a determine ki sèvis elèv yo ak fanmi yo bezwen epi li ede yo jwen yo.

#### **Terapi pou Lang**

Lekòl la resevwa sèvis nan men yon terapè pou lang. Terapè la vini nan lekòl la de fwa pa semèn epi li ofri sèvis pou elèv ki montre yo bezwen pwogram sa a.

### **LIV**

Se règleman lekòl leta pou chak elèv genyen yon liv pou chak sijè. Men, si liv pitit w yo pèdi oswa volè vole l, se responsab li pou paye pou yo. Pri liv mache ak kondisyon e eta liv la.

### **PWOMOSYON POU TWAZYÈM ANE**

Si yo ta mete w okouran pitit ou pral double yon klas, li enpòtan pou w al rankontre ak Pwofèsè lekòl li pou konnen egzakteman ki ladrès li poko genyen nan fè lekti e sa lekòl la pral fè pou ede pitit ou rive nan nivo li dwe rive a. Daprè lwa nan eta Florid la, lekòl pa ka pase elèv sot nan 3yèm ane al nan 4yèm ane ankò si yo fè nòt Premye nivo nan pati lekti nan egzamen FCAT la. Yo pa mete lwa sa pou ni pini pitit ou ni pini w. Yo pase lwa sa a pou lekòl la ka bay pitit ou ladrès ki nesèsè nan lekti pou l ka fè bonjan pwogrè lekòl.

N ap kontakte tout paran ki elèv ki montre yo gen feblès nan lekti pa òtograf. Nan kèk ka espesyal, yo ka pèmèt yon timoun ki fè nòt pemye nivo nan seksyon lekti SSS nan FCAT la ale nan katriyèm ane. Men ki elèv ki nan kategori sa yo:

- Elèv ki ap Aprann Anglè epi ki gen mwens pase 2 zan depi y ap suiv kou nan Pwogram ESOL pou yo aprann Anglè.
- Elèv ki gen andikap epi Plan Edikasyon Endividyèl, sa yo rele “Individual Education Plan (IEP)” yo fè konnen elèv la satisfè kritè pou yo pa sibi Evalyasyon Eta yo.
- Elèv ki gen andikap epi ki ranpli tout kondisyon sa yo: 1) yo te pran egzamen FCAT la; 2) Yo gen yon plan edikasyon endividyèl IEP oubyen yon plan Seksyon 504 ki montre yo te ba yo anpil leson nan lekti pandan

plis pase 2 zan; 3) yo toujou gen difikilte nan lekti; epi 4) yo te deja double jadendanfan oubyen premye ane, dezyèm ane oubyen twazyèm ane eskolè.

- Yo te ba yo anpil leson nan lekti pandan plis pase 2 zan men yo toujou gen difikilte nan lekti epi yo te deja double jadendanfan oubyen premye ane, dezyèm ane oubyen twazyèm ane eskolè pou yon total 2 zan.
- Yo gen yon dosye lekòl ki montre yo ka li nan nivo klas yo epi travay yo fè montre yo metrize Estanda “Sunshine State Standards” yo nan lekti ki egal a omwen dezyèm nivo pèfòmans nan FCAT la.
- Yo demontre yo ka fè nòt ki akseptab nan yon egzamen lekti ofisyèl ki altènatif Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a apwouve. Met sou sa, timoun ki kalifye ki te double 3 zye ane eskolè gen opòtinite pou yo montre jan yo konn li avan fen premye semès la.  
Asire ou pale ak pwofesè pitit ou a sou ka pitit ou a an detay epi, si yo pèmèt sa, diskite ka pitit ou ak pwofesè ki anchaj kesyon lekti nan lekòl li

### ADMINISTRASYON “TITLE I”

Pwogram Paran “Administrasyon “Title I” nan ede paran/gadyen yo vin pi angaje nan edikasyon pitit yo, nan ede yo jwenn kapasite yo pou yo angaje tèt yo, konsa yo va asire yon patnè ki gen plis fòs nan lekòl (yo) ki patisipe, pami paran/gadyen yo, ak nan kominote a, pou amelyore siksè akademik elèv yo. Se pou rezon sa a “Title I” bay lajan pou lekòl “Title I” yo pran yon Espesyalis pou Patipasyon Kominote “Community Involvement Specialist (CIS)” nan lekòl “Title I” yo, pou asiste lekòl yo, Distri a ak Sant Rejyonal yo nan planifikasyon, mete an fonksyon ak delivre pwogram sipò edikasyonèl ak pwojè espesyal yo, konsa la ede satisfè bi ak objektif Distri a ak lekòl yo.

### VISITÈ YO

Akozde regilasyon legal, yo pa pèmèt elèv yo gen vizitè ale lekòl ak yo ditou. Nou toujou kontan wè paran/gadyen yo e nou toujou kab fè aranjman pou yo vizite lekòl la. Yo mande yon avi 24 èdtan pou vizite klas yo. Vizitè yo dwe enskri non yo kot sekirite ki nan antre prensipal la, siyen non yo e bay yon pyès idantifikasyon ak foto, epi ale nan direksyon an. Yo kab konsidere moun ki pa suiv direksyon sa yo kòm yon moun ki depase limit li e yo kab arete li. **Nou p ap aksepte nenpòt elèv ki pa enskri nan lekòl la pandan gen klas.**

### PWOGRAM VOLONTÈ

Pwogram volontè Lekòl la responsab pou fè enskripsyon elektwonik, tchèk sou vi pase ak fòmasyon pou volontè yo. Gen de (2) kalite nivo pou fè volontè.

Nivo 1 – fè yon tchèk sou òdinatè sou vi pase	Nivo 2 –tcheke vi pase dapre anprent
λ Siveyan lajounen pou pwomnad	λ Volontè Sètifye
λ Asistan nan salklas	λ Parenn/Marenn
λ Leson patikilye pou matematik e/oubyen lekti	λ Moun ki pou Tande/”Oyente”
	λ Asistan Atletik/Edikasyon Fizik
	λ Siveyan lajounen

Nenpòt ki moun ki enterese nan fè volontè nan Lekòl Leta Miami-Dade County dwe:

- λ Ranpli Fòm Enskripsyon #1764, date e siyen li, e remèt li bay yon lekòl oubyen yon andwa lokasyon travay.
- λ Montre yon pyès idantifikasyon ak foto valid leta bay.
- λ Montre yon kat Sosyal Sekirite (tcheke non ak nimewo a).
- λ Fè yon tchèk sou vi pase.
- λ Lè yo ba w lesepase, ale nan yon oryantasyon nan lekòl.

Chè Paran/Gadyen,

Lekòl Leta Miami-Dade County pran angajman pou ba ou enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè e parapwofesyonèl nan manyè rapid nan lè ou mande li.

Se dwa ou pou w mande enfòmasyon sa yo:



- Si pwofesè a satisfè kritè pou lisans eta a pou nivo ane e sijè li ap anseye a.
- Si pwofesè a ap anseye anba yon ijans oubyen yon kondisyon pwovizwa kote yo “waive” pase a kote kalifikasyon pou lisans eta a.
- Matyè ki kouvri pou diplòm bakaloreya pwofesè a ak nenpòt lòt sètifika gradyasyon oubyen diplòm pwofesè a genyen, e disiplin pou sètifika a oubyen diplòm nan.
- Si pitit ou a ap resevwa sèvis nan men parapwofesyonèl, e repons la se wi, ki kalifikasyon yo.

Nou ap avize w alekri si yo mete oubyen pitit ou a te resevwa ansèyman pou plis pase kat semèn suivan nan men yon pwofesè ki pa satisfè kritè pou kalifikasyon wo akò Okenn Timoun Pap Ret Dèyè a.

Silvouplè asire Lekòl Leta Miami-Dade County konsakre li pou ofri elèv nan “County” ou an yon edikasyon dekalite. Ou kab jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè pitit ou e/oubyen parapwofesyonèl nan salklas nan lekòl la.

Sensèman,

Tangela D. Goa  
Direktris Lekòl

Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County suiv règ sandiskriminasyon nan aktivite/pwogram edikasyonèl ak anplwa e fè efò pou l pozitivman ofri opòtinite egale pou tout moun jan lwa anba yo mande:

**Title VI of the Civil Right Act of 1964 (“Title VI” Akò 1964 sou Dwa Sivil)** – defann diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, oubyen orijin nasyonal.

**Title VII of the Civil Rights Act of 1964 (“Title VII” Akò 1964 sou Dwa Sivil)** – defann diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, oubyen orijin nasyonal.

**Title IX of the Education Amendments of 1972 (“Title IX” Amandman sou Edikasyon 1972)** - defann diskriminasyon sou baz sèks.

**Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA) (Akò 1967 sou Diskriminasyon Laj nan Anplwa)** – defann diskriminasyon sou baz laj konsènan moun ki gen omwen 40 tan.

**The Equal Act Pay of 1963 as amended (Akò 1963 sou Egalite nan Salè jan yo amande li a),** defann diskriminasyon sèks nan peman salè pou fi ak gason k ap fè sibstansyèlman menm kalite travay nan menm etablisman an.

**Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973 (Seksyon 504 Akò 1973 sou Reyabilitasyon)** – defann diskriminasyon kont moun ki gen yon andikap.

**Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA) (Akò 1990 sou Ameriken avèk Andikap)** – defann diskriminasyon kont moun avèk andikap nan travay, sèvis piblik, akomodasyon piblik e telekomunikasyon.

**The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA) (Akò 1993 Fanmi e Absans Medikal)** – mande anplwayè ki kouvri pou bay anplwaye ki “elijib” jiska 12 semèn absans san peye, pwoteksyon travay pou sèten rezon famiyal e medikal.

**The Pregnancy Discrimination Act of 1978 (Akò 1978 sou Diskriminasyon nan Gwosès),** defann diskriminasyon nan travay sou baz gwosès, matènite, oubyen kondisyon medikal ki relate.

**Florida Educational Equity Act (FEEA) (Akò sou Egalite Edikasyonèl Florid)** – defann diskriminasyon sou baz ras, sèks, orijin nasyonal, stati marital, oubyen andikap kont yon elèv oubyen yon anplwaye.

**Florida Civil Right Act of 1992 (Akò 1992 sou Dwa Sivil Florid)** – pwokire libète kont diskriminasyon pou tout moun akòz ras, koulè, rejyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen stati marital.

**“School Board Rules” (Règ Komisyon Konsèy Lekòl) 6Gx13- 5D-1.10, 6Gx13- 4A-1.01, e 6Gx13-4A-1.32** - entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont yon elèv oubyen yon anplwaye sou baz sèks, ras, koulè, relijyon, etnisite oubyen orijin nasyonal, kwayans politik, kondisyon marital, laj, oryantasyon seksyèl, istwa sosyal oubyen famiyal, preferans langaj oubyen andikap.

*Yo bay veteran yo dwa reprann travay ann akò avèk P.L. 93-508 (Lwa Federal) e Seksyon 295.07, Lwa Florid, ki presize preferans nan kategori pou anplwa.*

5/20/05